



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE BENEFISYÈ PRIM EKSELANS NAN ANSÈYMAN
EMPIRE STATE LA YO**

***Prim lan rekonèt 54 pwofesè lekòl oiblik P-12 ki montre ekselans nan pwofesyon
ansèyman an***

***Onorab yo pral resevwa 5,000 dola alokasyon pou sipòte opòtinite aprantisaj
pwofesyonèl yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a benefisyè Prim Ekselans nan Ansèyman Empire State (Empire State Excellence in Teaching Award) la yo. Yo te rekonpanse 54 pwofesè lekòl piblik P-12 pou konpetans enpresyonan yo kòm yon edikatè ak angajman pou siksè pou tout elèv yo.

"Avan, pandan tout tan, epi pandan n ap travèse pandemi sa a, pwofesè yo te kanpe yon fason dezenterese pou timoun nou yo epi merite gwo rekonesans nou an",
Gouvènè Hochul te deklare. "Li enposib pou rekonèt chak moun pou travay di ak efò yo, men mwen kontan felisite 54 edikatè eksepsyonèl pou angajman yo anvè elèv pa yo. Yo enkòpore valè ak mantalite ke chak edikatè ta dwe genyen, epi mwen bat bravo pou yo paske yo enspire plizyè milye timoun atravè gran eta nou an."

Benefisyè yo te jwenn rekonpans apre yon peryòd aplikasyon vast, kote plizyè asosyasyon edikasyon pwofesyonèl Eta New York te patisipe nan pwosesis seleksyon an. Pou rekonèt devouman yo pou siksè elèv yo, benefisyè yo pral resevwa yon bous 5,000 dola ki distribye pa State University of New York (SUNY) pou aplike nan opòtinite aprantisaj pwofesyonèl pou kontinye devlope konesans ak konpetans yo nan fason ki pral sipòte plis kwasans elèv yo.

Chanselye Pwovizwa Inivèsite Eta New York la, Deborah F. Stanley, te deklare, "Nou kontan paske SUNY fè pati antite k ap selebre pwofesè talantye ak devwe nou yo. Benefisyè sa yo fikse estanda pou moutre kisa sa vle di enspire jèn etidyan pou yo anbrase ak jwi aprantisaj. Mwen felisite benefisyè yo epi remèsye tout moun nou yo pwofesè yo pou angajman yo nan edikasyon ki bati siksè ak konfyans nan etidyan yo nan ak andeyò salklas la."

Yo bay benefisyè yo opòtinite angajman pwofesyonèl pou pataje apèsi sou pratik ansèyman, kourikoulòm ak enstriksyon, ak aprantisaj pwofesyonèl pa yo ki pote siksè. Benefisyè prim yo pral travay tou ak lidè devlopman rejyonal yo, lidè inivèsite yo nan edikasyon pwofesè yo, moun k ap fè politik yo, ak lidè lekòl yo pou konseye yo sou tandans nan edikasyon.

Benefisyè yo soti nan dis rejyon atravè Eta a epi yo enkli 24 pwofesè ki gen plizyè sètifika nan ansèyman ak moun ki bay enstriksyon ak sipò nan konsèy, edikasyon primè, syans fanmi ak konsomatè, alfabetizasyon, matematik, mizik, syans, syans sosyal, elèv ki gen andikap, TESOL, ak lang mondyal yo. Benefisyè prim yo chwazi yo te nan ansèyman depi yon mwayèn 16 ane.

Pou yon lis benefisyè konplè, klike [isit la](#).

Senatè Eta a Shelley Mayer, te deklare, "Felisite pou sila yo k ap resevwa Prim Ekselans nan Ansèyman Empire State la. Nou ale odela chak jou epi ede elèv nou yo pwospere nan salklas ak andeyò salklas la. Mèsi pou tout sa nou fè."

Manm Asanble Michael Benedetto te deklare, "Mwen felisite tout moun ki resevwa rekonpans yo pou travay di ak devouman yo, investi nan resous ki pi presye nou an - jèn nou yo. Mwen remèsye tou Gouvènè Hochul paske li rekonèt anpil edikatè ki ale odela pou etidyan pa yo chak jou. Kòm yon manm pandan trant ane nan pwofesyon ansèyman, mwen konnen nou toujou gen anpil chemen pou nou pran anvan yo byen respekte ak konpanse pwofesè yo antanke pwofesyonèl yo ye a. Prim sa yo se yon bon premye efò."

Prezantasyon State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, sèl inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. An total, SUNY sèvi anviwon 1.3 milyon etidyan nan kou ak pwogram ki ofri kredi, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2021 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb www.suny.edu.

###